

ABSTRAK

Ditania Febrianti (2026), Analisis Upaya Guru Pendidikan Pancasila dina Nyegah Tindakan Bullying ngaliwatan Penguatan Karakter Toleransi dina Era Society 5.0 (Studi Déskriptif di SMK Pekerjaan Umum Negeri Bandung).

Bullying di lingkungan sakola masih jadi masalah anu serius, utamana dina bentuk *bullying* verbal saperti ngahina, ngécé, jeung ngucilkeun babaturan. Kamajuan téknologi dina era Society 5.0 ogé mangaruhan kana paripolah sosial siswa ku kituna diperlukeun penguatan karakter toleransi ngaliwatan Pendidikan Pancasila. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis upaya guru Pendidikan Pancasila dina nyegah tindakan *bullying* ngaliwatan penguatan karakter toleransi di SMK Pekerjaan Umum Negeri Bandung. Ieu panalungtikan ngawengku strategi guru, hambatan anu disanghareupan, sarta solusi dina ngawangun paripolah siswa supaya silih ngahargaan jeung silih hormat. Méthode anu digunakeun nyaéta pendekatan kualitatif kalayan méthode déskriptif. Téknik ngumpulkeun data dilakukeun ngaliwatan observasi, wawancara, jeung dokuméntasi kalayan subjek panalungtikan guru Pendidikan Pancasila, guru BK, jeung siswa. Hasil panalungtikan nuduhkeun yén guru Pendidikan Pancasila miboga peran penting dina nyegah *bullying* ngaliwatan penanaman nilai toleransi, ngabiasakeun silih ngahargaan, méré conto anu hadé, sarta ngalakukeun pangawasan kana paripolah siswa di lingkungan sakola jeung média sosial. Guru ogé gawé bareng jeung guru BK sarta pihak sakola dina nyiptakeun lingkungan diajar anu aman, inklusif, jeung kondusif sangkan siswa leuwih paduli ka babaturanana sarta tindakan *bullying* verbal mimiti ngurangan. Siswa nunjukkeun parobahan sikap anu leuwih ngahargaan kana bédana sarta mampuh ngawangun hubungan sosial anu leuwih hadé di lingkungan sakola. Penguatan karakter toleransi ngaliwatan Pendidikan Pancasila ogé ngabantu siswa pikeun ngarti kana pentingna empati, gawé bareng, jeung tanggung jawab dina kahirupan sapopoé. Dumasar kana hasil panalungtikan bisa dicindekkeun yén penguatan karakter toleransi ngaliwatan Pendidikan Pancasila jadi usaha anu éféktif dina ngabentuk siswa anu miboga akhlak hadé, ngahargaan bédana, sarta mampuh ngagunakeun téknologi kalayan wijaksana dina era Society 5.0.

Kecap Konci: Bullying, Karakter Toleransi, Pendidikan Pancasila, Society 5.0